**दिन—बुधवार** **दिनांक—13.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ दरभंगा मे बारह हजार करोड़ टाका सँ बेसी लागति के कतेको विकास परियोजनाक शिलान्यास आ लोकार्पण कयलनि। ओ एहि क्षेत्र मे स्वास्थ्य सुविधा के मजगूती प्रदान करबाक लेल दरभंगा के शोभन मे अखिल भारतीय आयुर्विज्ञान संस्थान—एम्स के आधारशिला राखलनि। पटना एम्स के बाद ई बिहारक दोसर एम्स होयत। एकर निर्माण बारह अरब साठि करोड़ टाका के लागति सँ अगिला तीन वर्ष मे कयल जायत। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री कहलनि जे दरभंगा मे एम्स के निर्माण भेला सँ स्वास्थ्य के क्षेत्र मे पैघ परिवर्तन आओत। एहि सँ मिथिला, कोसी, तिरहुत, पश्चिम बंगालक आ लग—पासक लोक सभ के विश्व स्तरीय इलाजक सुविधा भेटत। नेपालक मरीज सभ सेहो एम्स मे इलाज करा सकताह। श्री मोदी कहलनि जे सरकार समेकित दृष्टिकोण के संग स्वास्थ्य के क्षेत्र मे आमूल परिवर्तन आनबाक काज कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे लोकसभ धरि उच्च गुणवत्ताक स्वास्थ्य सेवा उपलब्ध करायब सरकारक प्राथमिकता अछि। श्री मोदी आयुष्मान भारत योजनाक चर्चा करैत कहलनि जे एहि योजना सँ एखन धरि देशभरि के चारि करोड़ सँ बेसी गरीब सभक इलाज भेल अछि। प्रधानमंत्री अड़सठि अरब टाका के लागतिवला विभिन्न राष्ट्रीय राजमार्ग परियोजना आ रेलवे परियोजनाक उद्‌घाटन आ शिलान्यास सेहो कयलनि। समारोह के सम्बोधित करैत मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे बिहार मे स्वास्थ्य सेवा मे अभूतपूर्व सुधार भेल अछि। ओ कहलनि जे दरभंगा मे एम्स के निर्माण भेला सँ एहि क्षेत्रक लोकसभक एक बहुप्रतिक्षीत मांग पूरा भऽ जायत।

---

दरभंगा के सांसद गोपालजी ठाकुर कहलनि अछि जे दरभंगा मे एम्स के निर्माण भेला सँ मिथिलांचलक लोक सभ के नीक सँ नीक इलाजक सुविधा भेटत। आकाशवाणी समाचार सँ विशेष वार्ता मे ओ एम्स के शिलान्यास करबाक लेल प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के धन्यवाद देलनि।

---

राज्यक चारि विधानसभा सीट बेलागंज, इमामगंज, तरारी आ रामगढ़ उप चुनावक लेल मतदान शांतिपूर्ण वातावरण मे संपन्न भऽ गेल। मतक गिनती तेईस नवंबर के होयत। निर्वाचन आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार सांझ पांच बजे धरि कुल एकावन दशमलव तीन छओ प्रतिशत मतदाता लोकनि अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। सभ सँ बेसी बेलागंज विधानसभा क्षेत्र मे तिरपन दशमलव चारि प्रतिशत मतदान भेल अछि। ओतहि रामगढ़ मे बावन दशमलव चारि, तरारी मे पचास दशमलव एक आ इमामगंज विधान सभा क्षेत्र मे उनचास दशमलव सात दू प्रतिशत मतदाता लोकनि अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। हमर संवाददाता लोकनि जनौलनि जे कतहुं सँ कोनो अप्रिय घटना हेबाक संवाद नहिं अछि। चारू विधानसभा सीट पर कुल अड़तीस उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। इंडिया गठबंधन सँ राष्ट्रीय जनता दल तीन सीट पर चुनाव लड़ि रहल अछि। ओतहि भाकपा–माले एक सीट पर मोकाबिला मे अछि। एनडीए सँ भाजपा दू सीट पर जखनकि जदयू आ हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा एक–एक सीट पर चुनाव लड़ि रहल अछि। बहुजन समाज पार्टी दू जखनकि जन सुराज पार्टी सभ चारू सीट पर अपन उम्मीदवार उतारलक अछि।

---

रेलवे बोर्ड के अध्यक्ष सह कार्यकारी अधिकारी सतीश कुमार कहलनि अछि जे यात्री लोकनिक सुविधाक लेल हरेक रेलगाड़ी मे चारि–चारि जनरल कोच लगाओल जायत। आइ समस्तीपुर मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप मे श्री कुमार कहलनि जे ट्रेन सभ मे जनरल कोच लगेबाक लेल दू हजार कोचक निर्माण कयल जा रहल अछि। एखन धरि नओ सय कोच बनि चुकल अछि। ओ जनौलनि जे दिसम्बर धरि सभ गाड़ी मे जनरल कोच लगा देल जायत।

---

सारण जिलाक हरिहर क्षेत्रक विश्व प्रसिद्ध सोनपुर मेला आइ सँ शुरू भऽ गेल। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा संयुक्त रूप सँ मेला के उद्घाटन कयलनि। बिहार राज्य पर्यटन विकास निगमक दिस सँ मेला क्षेत्र मे पर्यटक ग्राम बनाओल गेल अछि। जाहि मे विदेशी अतिथि लोकनिक लेल अत्याधुनिक सुविधा सँ पूर्ण छओ स्विस

कॉटेज बनाओल गेल अछि। सैलानी सभक सहायताक लेल गाइड तैनात कयल गेल अछि। जे लोक सभ के मेलाक विभिन्न पहलु के जनतब देत। ई मेला चौदह दिसंबर धरि चलत।

———————————————————————

अररिया जिलाक जोकीहाट थाना क्षेत्र अंतर्गत हड़वा चौक स्थित एक गोदाम सँ पुलिस एक करोड़ टाका मूल्यक प्रतिबंधित कोडिनयुक्त सीरप के संग तीन तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। ओहिठाम सँ एक ट्रक आ पीकअप वैन सेहो जब्त कयल गेल। बरामद सीरप के बाजार मूल्य एक करोड़ टाका सँ बेसी अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार उच्चतम आ न्यूनतम तापमान एखनहुं सामान्य सँ ऊपर बनल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे पश्चिमी विक्षोभक सक्रिय भेला सँ मधुबनी, सीतामढ़ी, शिवहर, सुपौल, पूर्वी आ पश्चिमी चंपारण, अररिया आ किशनगंज जिला मे भोरक समय अगिला दू दिन धरि कुहेस लागल रहत।

———————————————————————

चेतना समिति पअना द्वारा आयोजित विद्यापति स्मृति पर्व आई स्मृति पर्व आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। कार्यक्रमक पहिल दिन गौसोऊनी गीतक संग–संग काव्यपाइक होयत। जाहि मे प्रतिष्ठित साहित्यकार लोकनि भाग लेताह।

———————————————————————

समाप्त